ISSN 2010-720X

# ILIM HÁM JÁMIYET



Bul dúnyanıń kórki adam balası
Ájiniyaz

Ájiniyaz atındağı
NÓKIS MÁMLEKETLIK
PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ
NMPI
1934

# FAN VA JAMIYAT

2019 (№2)

# МОЙНАҚ МЎЖИЗАСЫ БӘРШЕ РЕФОРМАЛАРҒА ҮЛГИ ӨЗЕК БОЛМАҚТА

## Бүгинги күнниң ең өткир экологиялық машқаласы

### 29-сентябрь 2017-жыл




Бүгинги күнниң ең өткир экологиялық машқалаларының бири – Арал кризисине және бир мәртебе дыққатыңызды қаратпақшыман. Мине, мениң қолымда Арал апатшылығы сүўретленген карта. Ойлаўымша, буған артықша түсиндирмениң кереги жоқ. Теңиздиң қурыўы менен байланыслы ақыбетлерди сапластырыў халық аралық көлемдеги сай-ҳәрекетлерди бирлестириўди талап етпекте.

***Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтың БМШниң 72-сессиясында жасаған баянатынан.***

## Арал – Мойнақ: Апатшылықтан абадан турмысқа қарай, ямаса әпсанаўый әсир атланысы

### Декабрь 2018-жыл





Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтың басламасында Арал бойы аймағы экологиялық инновациялар ҳәм технологиялар зонасы деп жәрияланыўы менен, оның қурғаған ултанындағы 500 мың гектар майданға сексеўил егиў ислери баслап жиберилди.

## МОЙНАҚ МЎЖИЗАЛАРЫ

### Июнь 2019-жыл



Душшы суў дәреги, әбиў-ҳаят шәшмеси жаңа булақлар көз




Мойнақтан басланған мәдeният



Алты ай қысқы мийнет зая кетпеди. Жер бетине шыққан сексеўиллердиң бойы ҳәзир

ISSN 2010-720X
2004-jıldıń mart ayınan baslap shıǵa basladı

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

# ILIM hám JÁMIYET

**Ilimiy-metodikalıq jurnal**

**Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti**

# FAN va JAMIYAT

**Ilmiy-uslubiy jurnal**

**Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза**

# НАУКА и ОБЩЕСТВО

**Научно-методический журнал**

**Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz**

# SCIENCE and SOCIETY

**Scientific-methodical journal**

**№2**
**2019**

**Shólkemlestiriwshi: Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı hám jurnal redakciyası jámááti**
**Shólkemlestiriw komiteti baslıǵı: OTEMURATOV B. – NMPI rektorı**
**Bas redaktor:**
**ALLAMBERGENOV K. - filologiya ilimleriniń doktorı, professor**

## REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ

f.i.d., prof. **Abdinazimov Sh.** (Nókis)
t.i.d. **Abdullaeva Ya.** (Nókis)
b.i.d., prof. **Allamuratov B.** (Nókis)
p.i.d., prof. **Alewov U.** (Nókis)
f.i.d. **Ayımbetov M.** (Nókis)
akademik **Ayımbetov N.** (Nókis)
akademik **Bazarbaev J.** (Nókis)
f.-m.i.d. **Dawletmuratov B.** (Nókis)
p.i.d., prof. **Eralin Quwandıq** (Turkistan)
p.i.d., prof. **Erkebaeva G.** (Turkistan)
f.i.d., prof. **Eskieva M.** (Astana)
akademik **Xamidov X.** (Nókis)
p.i.d., prof. **Xalilov F.** (Tashkent)
f.-m.i.d., prof. **Ismaylov Q.** (Nókis)
f.i.d., prof. **Járimbetov Q.** (Nókis)
g.i.d., prof. **Jollibekov B.** (Nókis)
b.i.d., prof. **Jumanov M.** (Nókis)
a/x.i.d. **Jumamuratov A.** (Nókis)
f.-m.i.f.d. (PhD) **Kalxanov P.** (Nókis)
f.-m.i.d. **Kamalov A.** (Nókis)
tex.i.d.**Qayıpbergenov B.** (Nókis)
tex.i.d. **Qayıpbergenov A.** (Nókis)
t.i.d. **Qochanov B.** (Nókis)
f.i.k., prof. **Qochanov Q.** (Nókis)
f.-m.i.d., prof. **Qudaybergenov K.** (Nókis)
f.i.d., prof. **Qulbek Ergobek** (Turkistan)
f.i.d., prof. **Quramboev K.** (Nókis)
t.i.d., prof. **Qıdırniyazov M.** (Nókis)
f.i.d., prof. **Mamedov A.** (Ashxabad)
f.i.d., prof. **Mamedov N.** (Baku)
t.i.d. **Mambetullaev M.** (Nókis)
b.i.d. **Mambetullaeva S.** (Nókis)
b.i.d., prof. **Matchanov A.** (Nókis)
f.-m.i.k., doc. **Otemuratov B.** (Nókis)
p.i.k., doc. **Pazılov A.** (Nókis)
tex.i.d. **Reymov A.** (Nókis)
p.i.d., prof. **Ruziev E.** (Urgench)
t.i.d. **Sarıbaev M.** (Nókis)
f.i.d., prof. **Suyunova N.** (Cherkas)
f.i.d., prof. **Sherbak S.** (S.Peterburg)
tex.i.d. **Tagaev M.** (Nókis)
g.i.d. **Turdımambetov I.** (Nókis)
g.i.d. **Umarov E.** (Nókis)
f.-m.i.d., prof. **Utewliev N.** (Nókis)
p.i.d., doc. **Utebaev T.** (Nókis)
f.-m.i.d. **Yavidov B.** (Nókis)
p.i.d., prof. **Yuldashev Q.** (Gulistan)

**Juwaplı redaktorlar:**
**f.i.k., docent. E.Xojaniyazov – ózbek tili boyınsha**
**docent R.Rzaeva – rus hám inglis tilleri boyınsha**
**A.Qosbergenova – qaraqalpaq tili boyınsha**

**D.Dogarova - juwaplı xatker**
**Z.Xodjekeeva - korrektor**
**N.Allamuratova - operator**

***Jurnal 1992-jıldan «Qaraqalpaqstan muǵallimi» atamasında shıǵarıla baslaǵan. 2004-jılda «Ilim hám jámiyet» atamasına ózgertilip, 01-022-sanlı guwalıq penen Qaraqalpaqstan Respublikası Baspasóz hám xabar agentligi tárepinen dizimge alınǵan.***

***2007-jılı 14-fevralda Qaraqalpaqstan Respublikası Baspasóz hám xabar agentligi tárepinen qayta dizimge alınıp, 01-043-sanlı guwalıq berilgen.***

***«Ilim hám jámiyet» jurnalı Ózbekstan Respublikası Ministirler kabineti janındaǵı Joqarı Attestaciya Komissiyası kollegiyasınıń 2013-jıl 30-dekabrdegi 201/3-sanlı qararı menen filologiya, pedagogika, psixologiya pánleri boyınsha ilim doktorı dárejesin alıw ushın maqalalar járiyalanıwı tiyis bolǵan ilimiy basılımlar dizimine kirgizilgen edi.***

***2019-jıl yanvar ayınan baslap JAK ekspert qararı tiykarında bul dizim tómende atı atalǵan pánler menen tolıqtırıldı:***

***- 01.00.00 – fizika-matematika ilimleri;***
***- 03.00.00. – biologiya ilimleri;***
***- 05.00.00. – texnika ilimleri;***
***- 07.00.00. – tariyx ilimleri;***
***- 11.00.00. – geografiya ilimleri.***

**Әдебиятлар**

1. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
2. Сувонова Р. Ўзбек тилида метонимия. -Тошкент: 2003.
3. Юсупова Б.И. Юсупов шығармалары тилинде келбетликтиң стильлик хызметлери. -Тошкент: «Тафаккур қаноти», 2014.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ шоири И.Юсупов поэмаларидаги метонимияларнинг ўзига хос қўлланилиши, улардан шоирнинг моҳирона фойдаланиши таҳлил этилган. Шунингдек, унинг асарларининг ҳозирги қорақалпоқ адабий тилининг ривожланишидаги ўрни ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается своеобразие использования метонимии в поэмах каракалпакского народного поэта И.Юсупова, его мастерство в использовании метонимии. Изучается роль произведений поэта в развитии современного каракалпакского литературного языка.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of using metonymies in the poems of the great Karakalpak People’s poet I. Yusupov, his skill in using metonymies. The author also studies the role of the poet’s works in the development of the modern Karakalpak literary language.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ДӘСТАНЛАРЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

(«Юсуп-Ахмет» дәстаны мысалында)


**У.Ж.Жаксымова** – *филология илимлериниң кандидаты*

*Муҳаммед ал-Хорезмий атындағы ТИТУ Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** достон, фольклоршунослик, вариант, версия, миф.

**Ключевые слова:** эпос, фольклористика, вариант, версия, миф.

**Key words:** epos, folklore, variant, version, myth.


“Юсуп-Ахмет” дәстанындағы жоқары миллий халықлық идеялар оны ҳәзирги заман талаплары дәрежесинде илимий жақтан изертлеў зәрүрлигин келтирип шығарады. Дәстанның түркий тиллес халықлар фольклорында өзбек, түркмен, уйғыр, қазақ, қарақалпақ версиялары бар. Дәстанның түркмен версиясы ҳаққында академик А.Н.Самойлович өзиниң 1929-жылы Ленинградта бастырылып шығарылған «Түркмения» деген топламының биринши томында басылған «Очерки по историй туркменской литературы» атлы мийнетинде арнаўлы тоқтап, оның дөрелиў тарийхына ҳәм тилине кең талқылаў жасайды [13:146-167]. Бул версияны түркмен әдебиятшы-илимпазлары XVIII әсирде жасаған түркмен әдебиятының классиги Мағрупийдиң авторлығына киргизип, «Түркмен әдебияты тарийхы» ның II томында жазба әдебият дөретпеси ретинде талқылаған [14:163-171]. Қ.Мағрупийдиң дөреткен дәстаны Д.Каррыев басшылығында Б.Каррыев тәрепинен 1943-жылы Ашхабатда «Юсуп-Ахмат» деген ат пенен баспадан шығарылған.

«Юсуп-Ахмет» дәстанының уйғыр версиясы Алма-Атада «Жазыўшы» баспасында 1982-жылы уйғыр тилинде «Ғариб ва Санам» дәстаны менен бирликте жарыққа шыққан.

В.М.Жирмунский «Тюрский героический эпос» мийнетинде «Юсуп-Ахмет» дәстанының тәжик версиясы ҳаққында да сөз етип, дәстанның «Алпамыс» ҳәм «Гөруғлы» мотивлеринен пайдаланып дөретилгенлигине айрықша итибар береди [5:90-97].

В.М.Жирмунский ҳәм Х.Т.Зарифовлар «Узбекский народный героический эпос» атлы мийнетинде дәстанды өз алдына изертлеп, дәстанның пайда болыў тарийхы, ондағы қаҳарманлар ҳәм дәстанның қурылысы туўралы әҳмийетли пикирлерди ортаға салады [6:112-117].

«Юсуп-Ахмет» дәстанын изертлеўге қызыққан шет елли илимпазлардан Венгриялы илимпаз Г.Вамбери болды. Ол дәстанның Хорезм бақсылары атқаратуғын қол жазба нусқаларының бирин Венгрияға алып кетип, дәстаннан үзиндилерди немис тилине аўдарма ислейди. Бул аўдарманы 1867-жылы «Шагатай тили сабақлығы»на киргизеди. Бул жөнинде өзбек фольклористи Й.Нурмурадов өзиниң «Ўзбек фольклори немис тилида» атлы монографиясында пикир билдиреди [12]. Г.Вамбери бул эпос огуз эпосы болғаны менен онда көбирек қырғыз, қазақ ҳәм қарақалпақша сөзлердиң ушырасатуғынын және де қыпшақ тилиниң тәсири бар екенлигин айтады ҳәм дәстанды еки тилде толық түрде бастырып шығарады [3]. Көрнекли азербайжан илимпазы Х.Г.Корогли өзиниң «Огузский героический эпос» атлы мийнетинде «Юсуп-Ахмет» дәстанының сюжетлерин «Китаби деда Коркут» естелигиндеги «Бамси Байрак ва Бану Чечак» ҳаққындағы үшинши рәўияттағы ўақыяларға байланыстырады [9]. Илимпаз дәстанның тарийхый тийкарлары, идеялық ҳәм көркемлик өзгешеликлери туўралы баҳалы пикирлер билдиреди.

«Юсуп-Ахмет» дәстанының өзбек версиясы бойынша кандидатлық диссертация көлеминде арнаўлы илимий изертлеўлер алып барған илимпаз Рахимбой Жуманиезов болды. Ол соңынан өзиниң «Донг қозонган достон» атлы арнаўлы монографиясын жарыққа шығарды. Монографияда «Юсуп-Ахмет» дәстанының тарийхый негизлери, идеялық-көркемлик өзгешеликлери ҳаққында сөз етиледи [7].

Дәстанның қарақалпақ этно-фольклорлық орталығында пайда болыўы туўралы дәслепкилерден болып Н.Дәўқараев пикир билдирди [4:91].

Жергиликли илимпаз Ҳ.Ҳамидов «Юсуп-Ахмет» дастанынын қарақалпақ версиясы туўралы мағлыўмат берип: «Бул дәстанның қарақалпақ версиясы вариантлар революциядан бурын Петербург университетиниң профессоры П.М.Мелиоранскийдиң шәкирти И.А.Беляев тәрепинен 1903-жылы Нөкисте жазып алынған, бул үзинди Ленинградтағы Салтыков-Щедрин атындағы мәмлекетлик китапханада сақланады» [16:104] -деп жазады ҳәм дәстанның бул нусқасының XX әсирге шекемги қарақалпақ жазыўының үлкен естелиги екенлигин атап көрсеткен.

Белгили фольклорист алым Қ.Мақсетов өзиниң «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» мийнетинде «Юсуп-Ахмет» дәстанының қарақалпақ бақсылары репертуарынан кең орын алғанлығын айта келип, дәстанның туўысқан халықлар әдебиятында изертлениў мәселесине тоқтап, «Юсуп-Ахмет»тиң өзбек версиясы менен қарақалпақ версиясының Әмет бақсы Тарийхов атқарған вариантын салыстырып, дәстан версияларының тилиндеги айырмашылықларға да итибар береди. Қ.Мақсетовтың бул мийнетинде «Юсуп-Ахмет» дәстанындағы қосықлардың халықтың түпкиликли атқаратуғын қосықларына айланып кеткенлиги ҳәм миллий қарақалпақ намаларына салып айтылатуғынлығы сөз етиледи [11:231-233].

Дәстанның өз алдына қарақалпақ версиясы болып қәлиплесиўинде халық китапларының роли күшли екенлиги ҳәм халық арасына китабый, қысса формаларында таралып, ол қарақалпақ бақсышылық өнеринде Ақымбет, Муўса мектеби ўәкиллериниң репертуарынан орын алған, дәстандағы қосықлар қарақалпақтың миллий намаларына салып атқарылған. Дәстаннан халқымыздың миллийлигине тән көп ғана эстетикалық хызмет атқаратуғын этнографиялық дәреклери жетерли дәрежеде орын алғанлығын мысаллар менен дәлиллеймиз. Дәстанның негизги атқарыўшыларынан бири Әмет бақсы Тарийхов дәстандағы қосықларды халқымыздың «Сәўдигим», «Демир донлы», «Жети асырым», «Кеңесли тон», «Хошадес», «Налыш», «Салтық», «Алақайыс», «Дағлары», «Дембермес», «Мухаллес», «Кемине», «Кептер», «Ираний», «Шарқыпәлек» ҳәм т.б. миллий намаларға салып атқарған.

«Юсуп-Ахмет» дәстанын Арзы мектебиниң белгили ўәкили Тилеўмурат бақсының баласы Генжебай бақсы айрықша қунт пенен атқарған. Генжебай бақсы өсип шыққан Арзы мектеби XIX әсирде пайда болса да XVI-XVIII әсирлерде жасап дөретиўшилик мийнет еткен. Жийен, Қалмурат, Шаңкөт, Жийемурат, Ешбай, Ниязымбет, Ақымбет ҳәм т.б. жыраў-бақсылардың мектеплериниң раўажланған дөретиўшилик даўамы болған [1:56].

Генжебай бақсының сүйип атқаратуғын қосықларының бири «Шарқыпәлек», «Юсуп-Ахмет»те Юсуп пенен Ахметтиң жети жыл бенделикте болып, зинданнан шығып келгенде, Ахметтиң яры Гүлхатийшаны зорлыққа ушыратып

некелеў сюжетине қурылған. Нама бастан ақырына шекем матам бояўына боялып, қахарманның ғамлы кейпин бериўге қаратылған. Әсиресе, «Тойың асқа дөнсин, Нәдир Султаным», - деп муҳаббатына қыянет еткен адамға зерде менен айтқан сөзлери қосықтың атқарылыўына үлкен тәсир жасайды [2:154] - деп атап көрсетеди илимпаз А.Алымов.

Дәстанның пайда болыўының дәреклеринде халық мифологиясы, тотемизм ҳәм ғайры тәбийий күшлерге сыйыныў сыяқлы диний исенимлердиң қатнасы бар екенлиги мәлим болды. Дәстанда егизеклер ҳаққындағы халық мифологиясына тән көзқараслар толық сақланбағаны менен де, олар түрли өзгерислерге ушыраған ҳалда дөретпеден орын алған. Белгили илимпаз Н.М.Золотарёв: «Урыўлық дүзим дәўиринде пайда болған егизеклер культи ўақыт өткен сайын өз мәнисин жоғалтып, бурынғыдан әдеўир дәрежеде парықланатуғын ҳәр қыйлы өзгериске ушыраған»ын ескертип өткен еди [8:168]. Буған мысал иретинде егизеклер культиниң ағалы-инили ямаса бирге туўылған туўысқанлық тәризли болып қалмай, бәлки ата-бала, ана ҳәм қыз, аға ҳәм қарындас формаларында дүнья халықлары фольклорынан орын алғанлығын дәлиллеп береди. Егизеклер культи дәстанда тек Юсуп пенен Ахмет образларында емес, ал дәстандағы Бозуғланның еки қарындасы, /Юсуп-Ахметтиң аналары/, еки сәркардасы /Әлибек пенен Бағыбек/ образларында көринеди. Бул қарындас ҳәм сәркарда образларының «екилиги» ямаса «жуплық» характерге ийе болыўы дәстанның ертедеги дәреклериниң элементлери еди.

«Юсуп-Ахмет»тиң айырым вариантларында олар туўылған ўақытта Ахметтиң анасы қайтыс болады ҳәм оны Юсуптиң анасы Лалаханайым емизеди. Усыны есапқа алатуғын болсақ, Юсуп пенен Ахметтиң атасы басқа болғаны менен екеўи бир анадан «таласып емшек емискен» болып есапланады. Дәстанда екеўиниң арасында ҳеш қандай қарама-қарсылық сезилмейди. Бундай белгилер Шығыс халықларына тән болған «егизеклер» культиниң ең жақсы тәрепи.

Дүнья халықлары мифлеринде егизеклер базы бир жағдайларда «үшлик» формада да ушырасады. Үш егизек формаларының грек мифлеринде көбирек ушырасатуғынлығы ҳәм бундай үшлик формасы «Юсуп-Ахмет»те Юсуп, Ахмет ҳәм Юсуптиң қарындасы Қарлығашайым образлары арқалы берилетуғынлығы, дәстандағы бундай фактлер «Юсуп-Ахмет»тиң тарийхый негизлери жүдә ерте заманларға барып тақалатуғынлығы ҳаққындағы пикирлерди тастыйықлайды [7].

Дәстанның ертедеги дәреклериниң бири-бул адамлардың жанлы ҳәм жансыз тәбиятқа сыйыныўы. Бул әдеўир ертеректе басланып, адамзат сана-сезиминиң еле оншелли дәрежеде өсип раўажланбай атырған ўақытларынан дәрек береди. Буған мысал ретинде Юсуп пенен Ахметтиң тутқынлықта жүргенинде таўларға сыйынып, олардан пана, мәдет сораўы, Қызылбас елинен қайтып киятырып, Гүрген дәрьясынан жол сораўы, зинданда жатырғанда тырна ҳәм қарлығашлар арқалы өз еллерине сәлем жоллаўы сыяқлы сюжетлик детальларды нәзерде тутамыз.

Дәстанның тарийхый тийкарлары XV-XVI әсирлерде Аралбойы ҳәм Әмиў жағалаўларында жасаған халықлардың турмысы менен байланысып, дөретпениң пайда болыўында ҳәзирги Қоңырат районының территориясында жайласқан Дәўкескен (Ўәзир) қаласы тийкарғы рольди атқарған. Бунда Ўәзир қаласы ҳаққында, қаланың XVI әсирдеги жағдайларына байланыслы тийисли мағлыўматларды аламыз. Мәселен, көшпели өзбеклер 1505-жылы Арал бойларына келеди. Усы ўақытта оларды Абылқайырханның ақлығы Шайбанийхан басқаратуғын еди. Шайбанийхан дәслеп Ўәзирди, соң Үргеништи басып алды. Жергиликли халыққа Қыпшақбай қазы басшылық еткен. Бирақ 1510-жылы Үргениш, Хийўа ҳәм Ўәзир қалаларын сафавийлердиң патшасы Шах Исмайыл басып алған. Көп өтпей 1512-жылы көшпели өзбеклер династиясының ханы Элбарысхан Хорезм тахтына отырды ҳәм Аралбойы қалаларын қызылбаслардан тазалады-деп көрсетеди ҳәм усы дәўирде Әмиўдәрьяның бойында Ўәзирде (Дәўкескен) уйғыр, найман, қыят, қоңырат, нөкис, маңғыт, қыпшақ, қаңлы ҳәм т.б. Аралбойы халықлары, соның ишинде көп санлы қарақалпақ урыў-қәўимлери де келип қонысланғанлығы туўралы дәреклер берилген [15:42-45].

Усы дәреклерге байланыслы дәстанда Юсуптиң тутқынлықтан азат болып елине келиўи ҳәм қызылбаслар патшасы Гөззалшадан өш алыў нийетинде халықты жыйнағанын көремиз:

Ҳеш қалмасын Сырдың ели.  
Қоңырат бойы, қыят, ноғай.  
Бәри менен Қыпшақ қазы.  
Мәжилис пенен атын желсин [10:251].

Бул қала дәстанның өзбек версиясында ушырасады. Буның дәрегин биз Абулғазы ханның «Түрклер шежире»синен табамыз. Дәстанның пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўине қатнасы бар халықларда Аралбойы «тоқсан еки баўлы қәўимлер» қарақалпақлардың баслы урыўларының бар екенлиги тарийхый мағлыўматлардан белгили.

Солай етип, «Юсуп-Ахмет» дәстанының дәреклери пикирлеримизди жуўмақластырған ҳалда төмендегише шешимлерге келемиз:

бириншиден, дәстанды атқарыўшылардың сағасы қарақалпақ бақсыларынан: Ақымбет пенен Муўса бақсылардан басланып, Жапақ бақсы, Есжан бақсы, Әмет бақсы ҳәм Генжебай бақсылардың репертуарынан мәлим дәрежеде орын алған. Дәстанның айырым қосықлары халық қосықларына айланып кеткен.

екиншиден, дәстанның қарақалпақ этно-фольклорлық орталығында пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўинде Хорезм ҳәм де түркмен бақсыларының роли күшли болып, өз-ара фольклорлық байланыслар мәлим дәрежеде тәсирин тийгизген;

үшиншиден, дәстан тамырларының әййемги дәреклери узақ дәўирлерди өз ишине алатуғынлығы, ондағы халық мифологиясы менен бирге тотемизм, «пайғамбар» ҳәм «пир»лерге сыйыныў сыяқлы диний инанымлар менен байланысқан;

төртиншиден, дәстанның пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўиниң тарийхый тийкарларына нәзер таслағанымызда, дөретпениң пайда болыўында қарақалпақлардың қатнасы барлығын Ўәзир (Дәўкескен) қалаға байланыслы тарийхый дәреклерден, XV-XVI әсирлерде Аралбойы халықлары арасында қарақалпақ урыўларының бир аўқам болып жасағанының өзи дәстанның дөрелиўинде қарақалпақлардың да қатнасы бар екенлигинен гуўалық береди.

Солай етип, қарақалпақ халық дәстаны «Юсуп-Ахмет» халқымыздың сүйип тыңлайтуғын дәстанларынан болып, жаңа әўладты тәрбиялаўда руўхый азық сыпатында хызмет атқарады.

**Әдебиятлар**


1. Адамбаева Т. Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы. - Нөкис: "Қарақалпақстан", 1976. 56-б.
2. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары. - Нөкис: "Қарақалпақстан", 1983. 154-б.
3. Vambery H. Yusuf und Ahmad. –Budapest: 1911.
4. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. -Нөкис: "Қарақалпақстан", 1977. Т.II. 91-б.
5. Жирмунский В.М. Тюркский героический эпос. -Ленинград: ГИХЛ, 1974. 90-97-б.
6.Жирмунский В.М., Зарифов Х.Т. Узбекский народный героический эпос. –Москва: ГИХЛ, 1947. 112-117-б.
7. Жуманиёзов Р. Донг қозонган достон. -Тошкент: А.Қодирий номидаги халқ мероси, 1993. 60-б.
8.Золотарёв А.М. Родовой строй и первобытная мифология. –Москва: 1964.
9. Корогли Х. Огузский героический эпос. -Москва: ГИХЛ, 1976.
10. Қарақалпақ фольклоры. - Нөкис: "Қарақалпақстан", 1986. Т. XVI. 251-б.
11. Мақсетов К. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. -Нөкис: "Қарақалпақстан", 1992, 231-233-б.
12. Нурмурадов Й. Ўзбек фольклори немис тилида. -Ташкент: «Фан», 1987.
13. Самойлович А.Н. Очерки по историй туркменской литературы. –Ленинград: 1929. Т.I. Туркмения, 146-167-б.
14. Түркмен әдебияты тарийхы. -Ашхабад: "Ылым", 1976, 163-171-б.
15. Хожаниязов Г., Хакимниязов Ж. Городище Дэвкескен-Вазир. -Нөкис: «Билим», 1997, 42-45-б.
16. Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер... -Нөкис: "Билим", 1991, 104-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «Юсуф-Аҳмад» достонининг ўрганилиш даражаси, достоннинг шаклланишида миллий эстетик манбалар ва унинг тарихий илдизлари ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о степени изученности народного эпоса «Юсуп-Ахмет», о национально-эстетических источниках и исторических корнях эпоса.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the level of research of an epos «Yusup-Akhmet», its national-aesthetic sources and historical roots.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЫ «ШӘРЬЯР»ДЫҢ СЮЖЕТЛИК ҚАТЛАМЛАРЫ

**(Дәстан генезисине тийкар болған аўыспалы сюжетлер ҳәм олардың поэтикалық хызмети мәселеси)**

**Ш.Кенесбаева –** *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** сюжет қатлами, кўчма сюжетлар, сюжет ва эпос генезиси, достон поэтикаси: миф, эртак ва достон.

**Ключевые слова:** сюжетный слой, переносные сюжеты, генезис сюжета и эпоса, поэтика дастана: миф, сказка и эпос.

**Key words:** layer of the plot, transferred plots, genesis of the plot and epos, poetics of the epos: myth, fairy tale, epos.

Рус фольклористикасында «Странствующие сюжети», «Блуждающие сюжети», «Миграция сюжетов» деген түсиник, атамалар бар. Қарақалпақ фольклортаныўшы ҳәм әдебиятшылары бул атама-түсиниклерди өзлеринше «сюжетлердиң саяхаты», «сюжетлердиң көшип-қоныўы», «гезбе сюжетлер» деп атап келмекте. Жоқарыда келтирилген атама, түсиниклердиң ҳәммесин жыйнастырғанда, «аўыспалы сюжетлер» деген мәнис келип шығады.

«Аўыспалы сюжетлер» деген түсиник-атаманы биринши мәрте илимий айланысқа салған түркий халықлар аўызеки дөретиўшилигиниң жетик маманы В.М.Жирмунский болды [2:33]. Илимпаздың бақлаўы бойынша ҳәр кандай фольклорлық сюжетлер, соның ишинде ертеклер, ири сүйекли эпослық шығармаларға яғный дәстан-эпопеяларға қарағанда халықтан халыққа елден елге тез аўысыў укыбына ийе [2:33]. Себеби, инсаният жәмийети қәдим заманлардан баслап мудамы өз ара қатнасыў жағдайында жасап киятыр. Саўдагерлер, ҳәр қыйлы кәтқудалар (миссионерлер), елшилер адамзат бинә болғалы берли еллер менен еллердиң арасында қурдай қатнап турған. Буны биз тарийхтан жақсы билемиз.

Миссионер-катқудалар, саўдагерлер, елшилер өзлерине бурын бийтаныс елдиң, халықтың арасында жүрип, олардың жасаў шараяты, турмысы, үрип-әдети, салт-дәстүри, мәдений раяажланыўының дәрежеси менен қызыққан. Тили, әдебияты, мәденияты, аўызеки поэтикалық дөретиўшилиги менен таныскан. Өзлери де илимий-билимий дәрежелериниң шамашаркына қарай оларға өз халқының дүрдана мийрасларының ең қызықлы көринислеринен айтып берип отырған. Нәтийжеде ертеклер, әпиўайы аңызлар, ири эпослық шығармалар елденелге, жерден жерге аўысып араласып келген. Олар сол елдиң жыраўлары, баксылары, басқа да жыршылары тәрепинен жергиликли шараятқа бийимлестирилип, жырланған. Жуўмағында ири сүйекли дәстанларды айтпағаннын өзинде, киши көлемдеги эпослық дөретпелер болған ертеклердиң, әпсана-анызлардың ҳәр қыйлы вариантлары келип шыққан.

1905-жылы Хатанға экспедициясына басшылық еткен И.П. Талмачев эвенкийлердиң рус фольклорлық шығармаларына болған ықласын былайынша баянлайды: «Бул атасы басқалардың (инородцы) бизиң ертеклеримизди қандай ләззетлениў менен тыңлағанын биз өз көзимиз бенен көрдик. Мен Данила айтқан ертеклердиң есесине оған Илья Муромецтиң қаҳарманлықлары ҳаққында сөйлеп бердим. Сондағы оның қуўанышын ядымнан шығара алмайман. Даниланың «Балықшы ҳәм балық» ҳаққындағы ертекти еситкендеги тебиренген ҳәрекетин ҳеш умытпайман… Мүмкин ендигиден былай Даниланың ақлықлары булардың ҳәммесин қосық қылып айтып жүретуғын шығар? Олардың қазақлардан, рус саўдагерлеринен еситкен ертеклери атасынан баласына жетип бармасына ким қарсы даў айта алады?» [6:19].

Ҳәр қандай дәстан тутас эпикалық шығарма сыпатында бирден бинә болған емес. Дәслеп айырым көринислери, бөлимлери дөретилген. Соңынан ала олар өзлериниң көркемлик қунына қарай өз-ара бириктирилип дәстан-поэмаларға айландырылған. Дәслепки ўақытта жыршылар өзлериниң нәзери түскен қаҳарманның халық ядында қалған ҳәрекетлерин болажақ эпослық шығарманың бир тараўы сыпатында жаратады. Соңынан, кейин, арадан ўақыттың өтиўи менен бул шығарма тыңлаўшылардың талапларына ылайықланып кемкем толықтырылып барылады. Оған халық арасындағы ертеклик әпсаналар, аңызлар ҳәр қыйлы аўызша әңгимелергүрриңлер қосылады. Сөйтип, бара-бара үлкен поэмалар, эпопея-дәстанлар пайда болады. Бундай әндийше дүнья жүзи халықлары эпосларының дөрелиў барысында басып өтилетуғын жол.

Илимпаз С.Ошеров Гомердиң «Одиссея» эпосына жазған алғы сөзинде былай дейди: «аэдлердиң (жыршылардың) жырлары көлеми жағынан онша үлкен емес еди. Ол жырлардың ҳәр қайсысы бир мифлик көриниске бағышланған болса керек. Бул жырлар бир ўақыяның ямаса бир қаҳарманның әтирапына кем-кем жыйналып, дүркинлерге айланады. Усы дүркинлерден эпослық поэмалар, эпопеялар дөрейди [1:13].

Әлбетте, бөлек-бөлек дүркинлерди жүйин билдирмей көркемлик жақтан бириктириў жыршылардың талантына, дүнья танымының дәрежесине байланыслы. Мәселен, қарақалпақ халқының дүрдана дөретпелериниң бири «Шәрияр» дәстанын алып қарайық. Онда қанатлы қыял менен (фантастика) әпсанаўый ўақыялардың (мифлерди), ертеклерди тигисин билдирмей байланыстырыўдың әжайып үлгиси бар.

«Шәрияр» дәстаны дүнья жүзи халықлары арасында бурыннан бар ертеклерди, әпсаналарды, қыялый, қанатлы әңгимелерди (фантастика) еске түсиреди. Бул дөретпелер бизиң уллы дәстанымыз бенен мазмунлас, тамырлас, ҳәм ҳақыйқый аўыспалы сюжетлердиң галереясы сыпатында көзге тасланады. Буны биз дәстанды оқый баслағанда-ақ сезе баслаймыз.

Дарап Шах тоғыз мәртебе үйленсе де, өзине мийрасхор болғандай ул бала көре алмайды. Соның салдарынан сары уўайымға салынған хан әпиўайы адамның кийимин кийип, Мәккеге раўана болады. Бир күни кеште ол мийман болғандай баспана излеп жүрип, бир жайдың әйнегинен жақты шығып турғанын көреди ҳәм ишке нәзер таслайды. Иште үш гөззал қыз отыр екен. Ериксиз олардың әңгимесине қулақ салады. Олар бир нәрсе тоқып отырып, өзлериниң әрманларын айтысып атырғанға уқсайды. Қызлардың ең үлкени: - Егер, мен Дарап ханның ҳаялы болсам, бир пилләниң жипегинен сондай көп атлас тоқып шығар едим, ол болса ханның ҳәмме әскерлери жайғасатуғын шатыр тигиўге жетер еди, - дейди. Ортаншысы: - Егер, мени Дарап шах ҳаяллыққа алса, бийдайдың бир дәнесинен қырық мың ләшкерине жететуғын шөрек жабар едим, – десе, қызлардың ең генжеси: - Мен ханға егиз перзент туўып берер едим, - дейди.

Хан үшеўине де үйленеди. Үлкен той береди. Ханның үлкен еки ҳаялы өзлериниң ўәделеринен шыға алмайды. Сонлықтан хан оларды сарайдан қуўып жибереди. Кишкене ҳаялы айы-күни толғанда, егиз перзент туўады, уллы ҳәм қызлы болады.

Хан, ҳаялы жас босанарда, шикәрда жүреди ҳәм оннан хабар күтеди. Кишкене ҳаялы Гүлшараның бахытын күнлеген ханның тоғыз ҳаялы дуўахан кемпирдиң жәрдеми менен оның балаларының орнына пышық ҳәм күшик салып қояды. Жаңа туўылған нәрестелерди ағып турған өзекке таслайды.

Шикәрдан келгеннен кейин күнлес ҳаялларының, мәстан кемпирдиң өтиригине исенген хан Гүлшараны адам жасамайтуғын шөлистанлыққа апарып таслаўды буйырады. Күнлердиң биринде хан шорыларының Шырўан деген биреўи өзектиң терең түбинен алтын ҳәм гүмис айдарлы еки нәрестени таўып алады. Буны билип қойған ханның жаўыз ҳаяллары оны өлгенше сабайды ҳәм бул сырды тисинен шығармайтуғын ўәдесин алады. Ҳаяллар Қодар деген қассаптың жәрдеми менен нәрестелерди өлтирмекши болады. Лекин оларды Қараман деген қул қутқарып қалады. Алтын ҳәм гүмис айдарлы балаларды басқа бир елдиң бийперзент ханы Шасыўар асырап алады. Оның ҳаялы Ақдәўлет балаларға батырлық ҳәм ерликтиң, қызға ақыллықтың дарыўын болжаўды ҳәм оларға

## M A Z M U N Í


### BAS REDAKTOR MINBERI

**Алламбергенов К.** Президентга мактуб ёки бугун Орол-Мўйноқ бўстонга ўхшар ………… 3

### TÁBIYIY HÁM TEXNIKALIQ ILIMLER

**Biologiya**

**Сапаров А.Д., Мирабдуллаев И.М.** Коловратки семейства brachionidae ehrenberg, 1838 фауны Узбекистана: роды *keratella, platias, plationus, notholca, anuraeopsis* ………… 4

**Ekologiya**

**Нурланов А.С., Джақсымуратов К.М., Гайпова Р.Т.** Аралбойы регионында экологиялық машқалалардың қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери ………… 6

### JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

**Ekonomika**

**Kosnazarov S.T., Jumamuratov R.E., Artikov M.B., Ko'chkinov D.K.** Navoiy kon-metallurgiya kombinati ………… 8

**Filosofiya**

**Абдиев Б., Мамбеткаримов Р., Бийимбетов Ж.** Ибрайым Юсуповтың гуманизм идеялары ҳәм оған философиялық анализ ………… 9

**Усенов Ж. У.** Жаслар миллий менталитетин қәлиплестириўде халық даналығынан пайдаланыў – философиялық тәрбияның тийкары ………… 10

**Ruwqíylíq tiykarlarí**

**Шерниязова Г.** Пуқаралық жәмийети раўажланыўында миллий үрп-әдет ҳәм дәстүрлердиң роли ………… 12

**Tariyx**

**Абдуллаев У.И.** Ўрта осиёда бронза даврида миграциялар ва этномаданий жараёнлар ………… 14

**Boliev U.** «Sharq taronalari" xalqaro musiqa festivalining ijtimoiy ahamiyati ………… 16

**Пазылов М.** Айдос бий ким болған, ямаса халық аңыз әпсаналарының тарийхый шынлыққа қатнасы мәселеси ҳаққында гейпара ойлар … 17

**Rzaeva J.K.** Cognitive and educational importance of the principles in guiding by Amir Temur ………… 19

### TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANÍW

**Til bilimi**

**Алламуратов Г.А.** К истории изучения символа как филологического явления ………… 21

**Досжанова Г.Д., Усенова Қ.** Қарақалпақ тилиндеги текст ҳәм оның түрлери ………… 22

**Хўжаниёзов Э.** Илмий услуб услубий белгиларининг сўз бирикмаси сатҳида ифодаланиши (атрибутив бирикмалар мисолида) ………… 24

**Ибрагимов Ю.М.** Тил ва маданият муштараклигининг метафорик маъноларда ифодаланиши ………… 27

**Курбанбаева Д.М., Курбанбаева Д.М.** Инглис ҳәм қарақалпақ тилинде gender/жыныс (ер -ҳаял) түсиниклериниң грамматикалық ҳәм лексика - семантикалық билдирилиўи ………… 29

**Ádebiyattanıw**

**Алламбергенов К., Сагидуллаева З.Б.** Ҳәзирги повестьлерде миллийлигимиз тымсалы муҳаддес инсанлар келбети (Ш.Уснатдинов повестьлери мысалында) ………… 32

**Бекбергенова М.Д.** Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилигинде инсан концепциясы типологиясы ………… 36

**Ержанова Д.К.** И.Юсупов поэмаларында метонимиялардың қолланылыўы ………… 37

**Жаксымова У.Ж.** Қарақалпақ дәстанларының изертлениў мәселелери («Юсуп-Ахмет» дәстаны мысалында) ………… 39

**Кенесбаева Ш.** Қарақалпақ халық дәстаны «Шәрьяр»дың сюжетлик қатламлары ………… 41

**Мамбетов Ж.Қ.** «Жәҳанша» дәстанының өзине тән өзгешеликлери ………… 44

**Mamirbaeva D., Aymanova Sh.** Discursive features of textual analysis of I.Yusupov's poetry translation ………… 46

**Otarbaeva F.** T.Jumamuratovtiń poeziyasínda watan, ana topíraq temasíníń úwretleniwi ………… 48

**Палымбетов К.С.** Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан»: жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан ………… 49

**Sársenbaev Q.** M.Nízanov shíǵarmalarínda frazeologizmlerdiń morfologiyalíq bildirliwi ………… 51

**Сейтбеков А.Б.** К.Рахманов дөретиўшилигинде әдебий түрлер синтези ………… 52

**Утамбетова А.Ж.** Вопросы изучения исторических дастанов поэта Бердаха ………… 55

**Шержанова Ф.К.** Трагедия жанрында сюжет ҳәм конфликт (К.Рахмановтың «Жаралы жүреклер» трагедиясы тийкарында) ………… 58

### PEDAGOGIKA. METODIKA. INNOVACIYA

**Abdullaev A., Komilova R.** Tekstli máseleler ushin kompyuterli modeller dúziw metodikasi ………… 60

**Алеўов Ў., Байдуллаев А.С., Рахманова А.А.** «Moodle lms» масофавий ўқитиш тизимидан талабалар мустақил таълимини ташкил этиш 61

**Алламбергенов И., Нурымова Н.** Академик лицей-университет тизимида анализ асосларини ўқитишда комплекс метод ва унинг узвийликни таъминлашдаги аҳамияти ………… 63

**Алламбергенова М.Х., Мадаминов У.** Компьютер графикасини ўқитишда embarcadero дастурлаш тилидан фойдаланиб 3d график объеклар яратиш ………… 65

**Ашурова Ф.Л.** Талабалар билимини баҳолашнинг мақсади ва вазифалари ………… 67

**Балтабаев Ж.О.** Меҳнат таълими ўқитувчиларини тайёрлашда интерфаол ўқитиш усулларидан фойдаланиш услублари ………… 68

**Баўетдинов Р.А.** Класстан тыс жумысларда үлке материалларынан пайдаланыўдың тәлим –тәрбиялық әҳмийети ………… 70

**Ешимбетов О.** Қорақалпоқ синфларида ўқувчилар нутқини ривожлантириш омиллари ………… 72

**Ганиев Т.С.** Оқыўшыларда тарийхый билимлерди қәлиплестириўде инновациялық технологиялардың орны (VI класс мысалында) …… 74

**Хожимирзаев А.Д.** Жисмоний тарбия дарслари ва синфдан ташқари машғулотларнинг эстетик жиҳатлари ва унинг гўзаллик мезонлари 75

**Jammatov J.Sh.** Umumiy o'rta ta'lim maktab o'quvchilarini tabaqalashgan jismoniy tarbiya ta'limi texnologiyasi ………… 77

**Жиемуратова Г.** Австралия материгин оқытыўда интерактив методлардан пайдаланыў усыллары ………… 78

**Kaipbergenova F.T.** Information technologies in english classes ………… 80

**Кенжаева Д.Т., Йўлдошева Ф.** Мактабгача таълим муассасаси фаолиятини ташкил этишда тарихий тажриба ва замонавий маданият уйғунлиги ………… 82

**Кенжебаева С. С.** Олий таълим тизимида бўлажак мусиқа фани ўқитувчиларининг креатив таълимини ташкил этишнинг педагогик имкониятлари ………… 83

**Махмудов А.А.** Олий ўқув юртларида умумий физиканинг "атом моделлари" мавзусини маъруза дарсларида ўқитиш методикаси ………… 86

**Матжанов Ж.М.** Бошланғич тайёргарлик босқичида 11-12 ёшли боксчиларнинг базавий техник тайёргарлиги ………… 88

**Omanqulova Sh.N.** Modulli ta'lim texnologiyasi asosida bo'laj'ak musiqa o'qituvchilarining kasbiy kompetentligini takomillashtirish ………… 90

**Oripova N.X., Ashirova S.B.** Bolalar dunyoqarashini shakllantirishda "bolajon" telekanalining o'rni va ahamiyati ………… 91

**Рихсибаева Х., Калликлишев Ш.** Тўғри бурчакли параллел проекциялашнинг тўғри бурчакка оид хоссаси исботига ижодий ёндашув …. 93

**Ruzmetov N.K.** 1-4 sinf jismoniy tarbiya darslarida o'quvchilarning koordinatsion qobiliyatlarini rivojlantirishda ta'sir etuvchi omillar ………… 95

**Сейтмуратов Қ., Бойтураев Т.** Шарқ алломаларининг жисмоний тарбияга оид қарашлари ………… 96

**Tleumuratova N.M.** Orta bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaqstan tariyxi páninde oqiwshilarǵa tariyxiy bilimlerdi qáliplestiriw usillari hám áhmiyeti ………… 97

**Утебаев Т.Т.** Қарақалпақстанда ғәрезсизлик жылларында педагогика илиминиң раўажланыўы ………… 99

**Зайниддинов Т.Б.** Дидактические возможности эстетического воспитания учеников начальных классов с помощью национальных подвижных игр ………… 100

### PSIXOLOGIYA

**Делов Т.Э.** Психологические и технологические проблемы повышения эффективности школ, специализирующихся на обучении талантливых детей ………… 102

**Djumaniyozova M.X.** Shaxsda diniy dunyoqarashni vujudga keltiruvchi psixologik omillar ………… 104

**Каландарова М.Б.** Оилада репродуктив хулқнинг психологик жиҳатлари ………… 107

**Уразбаева Д.А.** Онкологик беморларда касалликнинг ижтимоий таъсирини субъектив баҳолаш масаласининг муҳимлиги ………… 108

### USTAZLAR SHEJIRESI

**Қурамбаев К.** Таниқли олим ва устоз муаллим ………… 111

# ҚУТЛЫҚЛАЙМЫЗ !





Ташкент қаласында спорттың волейбол түринен ҳаял-қызлар арасында жоқарғы лига командаларының XXVI Өзбекстан чемпионаты жарысларының жуўмақлаўшы туры болып өтти.

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қызлар сайланды командасы бул турда биринши орынды ийеледи ҳәм команда ағзаларының барлығы «Өзбекстан спорт устасы» дәрежелерин алыўға еристи.






Польшаның Лодзь қаласында өткерилген «Золотая лодка» IX халық аралық фестивалында Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты талабасы Динара Нуратдинова қарақалпақ бақсышылық өнери менен қатнасып, жас фольклор атқарыўшылары арасында гран-при жеңимпазы болды.




Қарақалпақ мәмлекетлик жас тамашагөйлер театрында «Тафаккур синовлари» таңлаўының аймақлық басқышы болып өтти.

Таңлаўдың аймақлық басқышында Үргениш мәмлекетлик университетиниң «Ворислар», Бухара мәмлекетлик университетиниң «Ирфон», Наўайы мәмлекетлик педагогикалық институтының «Фемида», Термиз мәмлекетлик университетиниң «Ўзбек мўжизаси» ҳәм Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Ғәрезсизлик жаслары» командалары қатнасты.Таңлаў жуўмағына бола улыўма 202,3 балл топлаған «Ғәрезсизлик жаслары» командасы 1-орынды ийеледи ҳәм таңлаўдың финаллық басқышына жолламаны қолға киргизди.

# Dıqqat, jazılıw - 2019!

Húrmetli, jurnal oqıwshıları! Eger, Siz ilim, tálim-tárbiya hám oqıtıwdıń jańa zamanagóy usılları, jańalıqları menen óz waqtında jaqınnan tanıspaqshı, ózińizdiń usı tarawdaǵı jetiskenliklerińiz hám oy–pikirlerińiz benen ortaqlaspaqshı bolsańız, «Ilim hám jámiyet» jurnalına 2019-jıl ushın jazılıwǵa mirát etemiz.

Jılına 4 márte shıǵatuǵın biziń jurnalımızda barlıq tarawlar boyınsha ilimiy, ilimiy-metodikalıq maqalalar járiyalanadı.

Onıń ústine, «Ilim hám jámiyet» jurnalı Ózbekstan Respublikası Ministrler kabineti janındaǵı Joqarı Attestaciya Komissiyası kollegiyasınıń 2013-jıl 30-dekabrdegi 201/3-sanlı qararı menen filologiya, pedagogika, psixologiya pánleri boyınsha ilim doktorı dárejesin alıw ushın maqalalar járiyalanıwı tiyis bolǵan ilimiy basılımlar dizimine kirgizilgenligin sizler jaqsı bilesiz.

Ózbekstan Respublikası Ministrler kabineti janındaǵı JAK ekspert qararı tiykarında 2019-jıl yanvar ayınan baslap bul dizim tómende atı atalǵan pánler menen tolıqtırıldı:

- 01.00.00 – fizika-matematika ilimleri;
- 03.00.00 – biologiya ilimleri;
- 05.00.00 – texnika ilimleri;
- 07.00.00 – tariyx ilimleri;
- 11.00.00 – geografiya ilimleri.

**Jazılıw bahası - 150.000 (Bir júz eliw mıń) swm.**

**Elektron pochtası: fanvajamiyat@inbox.uz**


*Redakciya mánzili: Nókis qalası, P.Seytov kóshesi, n/j.*

*Indeks: 230105, Telefon: +998612294086; +998939205495.*

*JURNALDÍŃ BASÍP SHÍǴARÍLÍWÍNA*

*JUWAPKER: Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası.*

**«Ilim hám jámiyet» jurnalınıń esap beti:**
**BANK:** MB BB XKKM Toshkent shahri
**Esap beti: 2340 2000 3001 0000 1010**
**MFO:** 00014; **INN:** 201 122 919
**Jeke esap beti: 4001 1086 0354 0179 5010 0079 003**
**INN:** 200 357 981

| | |
|---|---|
| *Maqalalardıń mazmunına hám durıslıǵına avtorlar juwapker, olardıń pikirleri redakciyanıń pikirleri bolıp esaplanbaydı* | *Jurnalǵa jıl dawamında jazılǵan avtorlardıń miynetleri birinshi gezekte járiyalanadı. Maqala kólemi 5 betten kem bolmawı, 7 betten aspawı* |
| *Jurnal 1992-jıldan shıǵa basladı<br>ISSN 2010-720X<br>Indeksi: Jeke puqaralar ushın — 2101.<br>Mákemeler ushın — 2102.* | *Basıwǵa ruxsat etildi: 29.06.2019<br>Buyırtpa:№0088. Format: 60x84 1/8.<br>Kólemi: 12,0 b/t. Jurnal jılına 4 márte shıǵadı.<br>Nusqası : 820 dana. Reestr № 11-3084* |